

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Puisi mantra nu kainvéntarisir di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan jumlahna aya 99, ti 16 narasumber nu ngawengku: 23 asihan, 37 jangjawokan, 4 ajian, 8 singlar, 1 rajah, jeung 26 jampé. Éta puisi mantra di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan dipasing-pasing jadi 6 warna dumasar téori Rusyana.

Tina 99 mantra, ditangtukeun 30 mantra pikeun dianalisis dumasar kana warna papasinganana. Mantra nu dianalisis ngawengku: 7 asihan, 11 jangjawokan, 2 ajian, 2 singlar, 1 rajah, jeung 7 jampé. Anapon dina nangtukeun puisi mantra nu bakal dianalisis tina unggal papasingan mangrupa puisi mantra anu strukturna (eusi, basa, purwakanti, wangun jeung wirahma, citraan) bisa dianalisis sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi di SMA.

Unsur-unsur puisi mantra anu dianalisis tina sampel panalungtikan nya éta: (1) téks mantra, judul mantra, nomer mantra; jeung (2) analisis struktur mantra nu ngawengku: eusi, basa, purwakanti, wangun jeung wirahma, sarta citraan. Purwakanti nu dipedar ngawengku: pangluyu, maduswara, cakraswara, laraspurwa, mindoan kawit, laraswekas, mindoan wekas, larasmadya, margaluyu, jeung mindoan kecap. Sedengkeun citraan nu dipedar nya éta citraan panempo (visual), citraan pangrungu (auditif), jeung citraan rasa (taktil).

Sabada dianalisis atawa dilakukeun kajian kana sampel mantra ti Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan bisa dirumuskeun kacindekan saperti ieu di handap:

1) Eusi Mantra

Eusi mantra tina sampel nu dianalisis réréana mangrupa mantra keur tujuan hadé saperti pikeun kapunjulan, karahayuan, sangkan dipikaasih, nyageurkeun, nyinglar, jrrd.

2) Basa dina Mantra

Basa dina puisi mantra nu dianalisis réréana ngagunakeun basa Sunda. Tapi, aya ogé nu pacampur atawa diuwuhan ku basa séjén, upamana basa Sansekerta, Jawa, jeung basa Cirebon. Lian ti éta basa nu digunakeun dina mantra biasana lain basa Sunda sapopoé, tapi arkais nya éta basa kuno nu geus jarang dipaké dina mangsa kiwari.

3) Wangun jeung Wirahma Mantra

Wangun jeung wirahma mantra nu dianalisis teu angger. Mantra nu dianalisis réana diwangun ku 6 padalisan jeung 7 padalisan. Wirahma mantra polana henteu matok ogé, randegan unggal padalisan béda jumlahna. Tapi randegan nu réa kapanggih dina mantra mah nya éta nu 2 randegan nu diwangun ku 8 engang nu pola engangna réréana 4-4, 3-5, jeung 5-3.

4) Purwakanti Mantra

Purwakanti nu mindeng kapanggih dina mantra nu dianalisis nya éta purwakanti maduswara (purwakanti vokal dina unggal padalisan).

5) Citraan

Citraan nu mindeng kapanggih dina mantra nu dianalisis nya éta citraan rasa jeung citraan panempo.

Puisi mantra nu geus dianalisis bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi (maca) puisi di SMA. Éta puisi mantra bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi lantaran nyumponan sababaraha kritéria nu geus didadarkeun di bab II.

5.2 Saran

Sabada nyindekkeun hasil analisis puisi mantra, aya sababaraha saran saperti ieu di handap:

- 1) Puisi mantra di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan mangrupa salasihiji karya sastra lisan, titinggal karuhun urang baheula. Ku kituna, sangkan ieu titinggal budaya teu leungit, kudu diriksa jeung dimumulé;
- 2) Puisi mantra nu geus diinventarisir di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan bisa dijadikeun bahan pangajaran dina widang sastra hususna dina widang aprésiasi puisi buhun;
- 3) Pikeun lembaga pamaréntahan Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan, ieu panalungtikan téh hiji *input* nu kudu diperhatikeun, lantaran mangrupa kabeungharan budaya nu bisa nambahan khasanah sastra daérah.